



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AMELYORASYON KI EFIKAS AN ENÈJI POU INITE LOJMAN ABÒDAB

Yo ofri 5 milyon dola nan dezyèm faz pwogram RetrofitNY la ki koute 30 milyon dola a

Pwogram lan prevwa kreye djòb, bati mendèv ki gen konesans nan teknoloji ak avanse solisyon repwodiktib ki efikas

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 5 milyon dola pou yon dezyèm faz pwojè pilòt nan kad pwogram RetrofitNY la ki koute 30 milyon dola a. Pwogram sa a pral ede avanse amelyorasyon efikasite enèji an pwofondè nan batiman an antye ki pral diminye emisyon yon fason konsiderab ki soti nan lojman abòdab pou plizyè fanmi. Pwojè ki finanse atravè inisyativ sa a pral sipòte modènizasyon renovasyon batiman yo lè yo demontre solisyon konstriksyon ki baze sou teknoloji keyo prevwa k ap ede kreye djòb, ankouraje yon mendèv ki gen konesans nan teknoloji nan Eta New York ak avanse solisyon repwodiktib ki rantab, kòm yon pati nan ekonomi vèt k ap grandi nan eta a. Anons jodi a sipòte objektif lidè nasyonal Eta a pou redui emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan dis 2050, jan sa mansyone nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a (Lwa Klima a).

"Batiman yo kontribye apeprè yon tyè nan emisyon danjere atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apwòch inivèsèl sa a pou transfòme endistri renovasyon bilding lan pral asire pak imobilye Eta New York la pi pwòp, pi vèt ak pi an sante pou tout rezidan yo. Atravè sipò teknoloji dijital inovan ak pwosesis konstriksyon ak fabrikasyon yo, New York ap solidifye tèt li davantaj kòm yon lidè nan itilizasyon enèji pwòp."

Administre pa Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, finansman RetrofitNY ki te anonse jodi a ap chèche sipòte pwopriyetè batiman lojman abòdab jiska sèt etaj ki elijib yo. Pwogram nan ede pwopriyetè batiman yo planifye yon fason konsiderab renovasyon nan twati yo, fenèt yo, ak/oswa ranplasman sistèm chofaj yo nan de pwochèn ane yo. Pwopriyetè batiman ki kalifye yo ka elijib tou pou jiska 100,000 dola nan ankourajman pou konsepsyon yo. Yo pral detèmine elijibilite atravè soumasyon yon nivo travay renovasyon batiman. Pwopriyetè yo ka elijib tou pou jiska 40,000 dola

adisyonèl pou chak inite lojman, ak yon limit 1.6 milyon dola pou chak batiman, dapre disponiblite finansman, pou kouvri depans siplemantè pou tout amelyorasyon elektrik nan batiman an antye ki mete batiman yo sou wout pou netralite kabòn. Finansman siplemantè sa a vle di pou konble diferans ki genyen ant finansman ki soti nan lòt sous tankou ajans lojman reglemante, prè bankè ak kredi taks yo itilize pou renovasyon abityèl yo. Li pèmèt pwopriyetè batiman yo chèche renovasyon ki reyalize pèfòmans sipryè ak solisyon ki fèb an kabòn ak objektif pou yo rive jwenn solisyon renovasyon ki konplètman net an kabòn alavni.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Pou atenn objektif klimatik nou yo, plis pase 200,000 batiman chak ane bezwen renove atravè eta a depi kounye a jiska yon mwatye syèk epi pou reyalize sa nou bezwen idantifye solisyon inovan ki mache pou pwopriyetè batiman yo ak moun ki rete ladan yo. N ap ankouraje pwopriyetè batiman yo pou yo ale odela renovasyon abityèl yo pou antreprann solisyon kabòn net ki ka kreye pwosesis repwodiktib pou renove batiman yo an antye ki alafwa diminye emisyon nan batiman yo ak ogmante konfò okipan yo."

Renovasyon nan batiman an antye yo ankourajman nan kad pwogram sa a amelyore eksteryè batiman an gras ak itilizasyon sistèm fasad ak pano ki fabrike andeyò sit la ak lòt amelyorasyon efikasite batiman pou diminye itilizasyon enèji batiman an, ansanm ak amelyore sistèm mekanik yo pou ale nan yon sistèm ki baze sou ponp chofaj ki efikas epi ki konplètman elektrik pou chofaj, refwadisman ak dlo cho domestik, ki gen ladan vantilasyon rekiperasyon enèji, ak entegrasyon sistèm solè PV (fotovòltayik).

Avantaj ki genyen nan modènizasyon batiman an antye a atravè RetrofitNY yo enkli:

- Demenajman okipan minimize pandan renovasyon yo akòz itilizasyon konpozan batiman yo ki fabrike andeyò sit la pou diminye tan konstriksyon sou plas yo;
- Pri sèvis piblik ak lòt depans pou fonksyonman batiman ki pi ba;
- Rezistans batiman amelyore pansan Blakawout yo;
- Kalite lè enteryè amelyore atravè elektrifikasyon ak vantilasyon amelyore;
- Diminye penetrasyon bri ki soti deyò;
- Amelyore aparans estetik batiman yo; ak
- Konfòmite ak lwa lokal ki gen rapò ak batiman yo.

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Fè finansman piblik disponib pou sipòte amelyorasyon efikasite enèji nan estòk lojman abòdab nou an se yon pati esansyèl nan travay nou pou elimine emisyon gaz ki lakòz efè sèr. Nou dwe pran mezi agresif pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sèr ak polisyon nan lè a nan tout sektè yo nan sosyete ak nan ekonomi nou an, si nou vle vrèman diminye efè danjere chanjman klimatik yo. Nou bezwen fè kalite investisman sa yo sou yon echèl ki pi laj, men Pwogram RetrofitNY la se yon etap enpòtan nan bon direksyon an. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan NYSERDA a, Richard Kauffman, ak tout moun nan NYSERDA pou angajman kontinyèl yo pou fè New York vin yon lidè nan kreye yon mond ki dirab."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Pwogram RetrofitNY la pral asire n ap jwe wòl pa nou an pou fè kominote ki defavorize yo vin yon priyorite. Pwogram nan pral reprezante yon atou pou plizyè milye rezidan ki nan lojman abòdab yo epi founi travay pou sila yo k ap vinn nan Eta a. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè sa elaji ofiramezi pandan n ap travay pou satisfè objektif enjèi pwòp nou yo."

Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare, "RetrofitNY se yon pwogram gányan ki pèmèt fanmi ki nan lojman abòdab yo benefisye amelyorasyon efikasite enjèi pandan y ap ekonomize lajan pou Eta nou an epi sipòte objektif nou pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sèr. Mèsi ak Gouvènè Hochul dèske li te avanse dezyèm faz inisyativ enpòtan sa a".

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Pandan n ap kontinye travay pou atenn objektif enjèi ak klima nou yo, li enpòtan pou nou kontinye amelyore efikasite enjèi ak amelyore batiman nou yo ki kontribiye anpil nan emisyon gaz ki lakòz efè sèr yo an jeneral. Anons jodi a demontre yon angajman kontinyèl pou redwi anprent kabòn nan enfrastrikti nou an epi li se yon etap enpòtan nan direksyon pou atenn objektif enèjetik ak klimatik nou yo."

Pwopriyetè batiman yo ki enterese nan opòtinite sa a dwe premyeman [kalifye](#) pou fè patenarya ak yon [founisè solisyon kalifye](#) nan NYSERDA lè li sèvi avèk pwodwi ki soti nan men [fabrikan ki kalifye](#) pou konsevwa, founi, ak enstale yon solisyon renovasyon batiman antye ki konplètman elektrik nan batiman pilòt yo. NYSERDA fasilite koneksyon ak founisè solisyon yo pou ede pwopriyetè batiman yo, ki ansuit ka aplike pou finansman siplemantè. Pilòt ki apwouve yo pral sibi yon pwosesis konsepsyon ki dire kat a sis mwa pou finalize konsepsyon yo. Pwojè pilòt yo pral chwazi epi yo pral bay finansman sou baz premye vini, premye sèvi ak opòtinite ki rete ouvri [jiska 1e novanm 2022](#), oswa jiskaske finansman yo fin epuize. Pou aplike, [klike isit la](#). Yo pwograme yon [webinè](#) enfòmasyon pou [vandredi 19 novanm](#) pou moun ki enterese pou aprann plis.

Yo te bay premye faz pwojè pilòt RetrofitNY yo an 2018 epi y ap ededevelope pwochèn jenerasyon sistèm batiman prefabrike ak entegre yo pou diminye depans yo, pandan y ap diminye efè negatif chanjman klimatik yo ki afekte kominote defavorize yo yon fason ki pa pwopòsyonèl. Pa egzanp, Casa Pasiva nan Riseboro Community Partnership la, yon pwojè lojman 100 pousan abòdab ki sitiye nan yon kominote ki defavorize nan Brooklyn prevwa fini nan fen ane a. Yo pral gen yon rediksyon enjèi batiman ki 60-80 pousan pandan y ap amelyore kalite anviwònman enteryè ak sante rezidan yo yon fason konsiderab. Eta New York ap dirije devlopman yon mache rejyonal ak nasyonal pou renovasyon enèjetik an pwofondè nan batiman an antye atravè kolaborasyon ak lòt eta yo ak efò rechèch ak devlopman adisyonèl ke Depatman Enèji Ameriken (U.S. Department of Energy) an ap sipòte atravè Inisyativ Konstriksyon Batiman Avanse (Advanced Building Construction Initiative) pa yo ki te bay plizyè prim an 2020 pou sipòte Chofaj Ventilasyon ak Klimatizasyon (Heating Ventilation and Air Conditioning, HVAC) ak anvlope teknoloji ke pwogram RetrofitNY la enfòmè dirèkteman.

Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz a efè de sè nan Eta New York epi entegre efikasite enèji ak mezi elektrifikasyon yo nan bilding ki egziste yo pral redui polisyon kabòn ak ede vin genyen bilding ki pi dirab, sen ak konfòtab. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo nan tout Eta a. Anplis benefis kabòn yo, pwojè sa yo pral ede Eta a reyalize objektif anbisyè efikasite enèji li a pou redui konsomasyon enèji sou plas pa 185 TBTU dis 2025, sa ki ekivalan ak alimante 1.8 milyon kay.

Pwogram sa a finanse atravè Clean Energy Fund NYSERDA a ki vo 6 milya dola.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030 epi atenn netralite kabòn nan nan nivo ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, Investisman sa yo ap pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York depi 2015, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011, ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a dis 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisyè kominote defavorize yo.

Konsènan NYSERDA

NYSERDA, yon kòporasyon enterè piblik, ki ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèjetik, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou kabiran fosil. Pwofesyonèl NYSERDA yo travay pou pwoteje anviwònman an epi kreye anpil djòb enèji pwòp. NYSERDA ap devlope patenarya pou fè avanse solisyon enèji inovan yo nan Eta New York depi 1975. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA yo ak opòtinite finansman yo, vizite nyserderda.ny.gov oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [YouTube](#), oswa [Instagram](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)